




Etikèt Tribinal Imigrasyon



Yon gid ak konsèy pou ede w prepare
w pou odyans tribinal ou a

Kijan mwen ta dwe prepare pou odyans tribinal mwen an?

Konfime dat, lè ak kote odyans ou a ap fèt la



Pou jwenn enfòmasyon sou dosye w la, rele liy dirèk EOIR la (1-800-898-7180) oubyen tcheke sitwèb EOIR la chak semèn lè w klike la a oubyen eskane kòd QR ki sou bò gòch la.



Klike sou lyen sa yo pou plis enfòmasyon sou kijan pou itilize sistèm otomatik EOIR ((Biwo Egzekitif pou Revizyon Imigrasyon) an: dokiman ak videyo. [Anglè ap vini byento!]

Ale nan tout odyans tribinal ou yo



Si ou rate yon odyans, gen anpil chans jij la ap bay yon lòd depòtasyon.



Si ou pa gen yon avoka, ou ka eksplike jij la ke w ap toujou chèche youn epi mande plis tan.

Vin nan tribinal la bonè



Si ou rive an reta, ou ka bay jij la yon move enpresyon de ou.



Bay tèt ou ase tan pou jwenn pakin.



Mande grefye tribinal la pou l ede w jwenn sal tribinal ki pou odyans ou a.



Sonje ke pifò tribinal yo fè verifikasyon sekirite. Y ap enspekte valiz yo, epi zam oswa objè ki file pa otorize.

Dokiman sa a se pou enfòmasyon sèlman epi li pa fèt pou sèvi kòm konsèy legal.

Etikèt Tribinal Imigrasyon

Guía de consejos para ayudarte y prepararte para tu cita en la corte

Kijan mwen ta dwe prepare pou odyans tribinal mwen



Etenn telefòn ou



Leve kanpe lè jij
la antrè nan
tribinal la



Chita trankil
jiskaske se tou
pa w la




Reponn jij la
avèk respè



Manje ak
bwason pa
otorize nan
tribinal la

Ki jan mwen ta dwe abiye pou odyans tribinal mwen an?

Abiye yon fason semi-fòmèl (tankou si se pou yon entèvyou travay, yon gradyasyon, oswa yon sèvis relijye)



Dokiman sa a se pou enfòmasyon sèlman epi li pa fèt pou sèvi kòm konsèy legal.